ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№112 (22.270) ● 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adygeale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд льандрэ хьэлэлу зэрыла-жьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхь зыхьбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм зегъэужьным кьаруушхуэ зэрырахьэлIэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхь тхьылъыр етыж

БищIо Асият Жыхьфар и пхьум - «Программэхэр къзыит «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущlапlэм урысыбзэ программэхэмкIэ и къудамэм и унафэщIым

Гъурф Бэллэ Владимир и пхьум - «Программэхэр къзыит «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущlапlэм и унафэщIым радиовещанэмкIэ и къуэдзэм

Шахановъ Надеждэ Гитчеуланы и пхьум - «Программэхэр къзыит «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущlапlэм и режиссерым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиI» и журналист» щIэльапIэр яфIощIым

Бырс Ахьуэт Къэралбий и пхьум - «Программэхэр къзыит «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущlапlэм балъкъэрыбзэ программэхэмкIэ и къудамэм и унафэщIым

Джэду Заур Темболэт и къуэм - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и Iуэхущlапlэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и телевидэнэм ыкьыбарегъащIэ программэхэмкIэ и Iэнатlэм и унафэщIым и къуэдзэм

Коломийцев Владислав Георгий и къуэм - «Программэхэр къзыит «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущlапlэм урысыбзэмкIэ и программэхэр езыгъэкIуэкIым

МахуэлI Хьаджэт Шагьир и пхьум - «Программэхэр къзыит «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущlапlэм и радиопрограммэхэр езыгъэкIуэкIым

Токмакъ Светлана Алмир и пхьум - «Программэхэр къзыит «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканал» къэрал Iуэхущlапlэм и редактор нэхъыщIэм

Шахмурзаев Хьэлид Сэхьид и къуэм - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и Iуэхущlапlэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и корреспондентым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м
№91-УГ

Мэкъумэш IэнатIэм доIэпыкъу

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Правительствэм и зэIущIэ. Мэкъумэш Iэнатlэм зегъэужьныным ягъэзекIуэлыр зэрыдгIэпыкъуну щIыкIэмрэ теухуа зэхьыхьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван, Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, район администрацэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, нэгъэущIэхэр.

- МЫ УПЩIЭР къэтIэтын хуей щIэхъуар зэгуэр къэрал мыльку зыхухахыу щыта мэкъумэш Iэнатlэр ди республикэм и экономикэм зезыгъэужьхьэм ящыщ зыуэ зэрыщытырц. Иужьрей илъэс зытIущым дэ ди щIыкIэу а лэжьыгъэм ехьэлIа сыт хуэдэ Iуэхури нобэрей зэманым кьезэгъэнэ кьыззэгъэпэщыным, - жиIащ Къанокъуэ Арсен зэIущIэр кьыщызэIуихым. - Ар хуэгъэзащ хуабэщхэм (теплицэ) хэгъэхъуэным, хадэхэкIыу, пхьэщхьэмыщхьэу, гъэшхэлIэ лыхэлIыу нэхьыбэ кьалэнхьэм. Экономикэм кьеГэуэ бгъэдыхьэхлIэщIэхэр кьэгъэсэбэпын хуейуэ, зыужьыныгъэм дылъэщIыхьэн папщIэ. Аэхр псори кьуажэдэсхэм я псэуклIэр ефIэфIуным и закъуэжьым зыхуэлэжьэнур, атIэ IэщlагъэлI ныбжьыщIэхэр кьуажэхэм щылэжьэным тригъэгушхуэнщ. Дэ ди кьалэнщ я гуащIэм кьыпэкIуэфынур, мэкъумэшхэмкIэ зыужьы

Лэжьыгъэр хъумэнымкIэ ведомствохэм эзэдай комиссэм хэтхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм гъатхэм и 22-м №54-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Лэжьыгъэр хъумэнымкIэ ведомствохэм эзэдай комиссэм хэтхэр къэщтэм мы унафэм и гуэдзным эзритым хуэдэу.

2.Къару имыIэжу къэлытэн «Лэжьыгъэр хъумэнымкIэ ведомствохэм эзэдай комиссэм хэтхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2010 гъэм мазаем и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №12-ПП-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм гъатхэм и 22-м къыдигъэкIа Унафэ №54-ПП-мкIэ къыщыгащ

Лэжьыгъэр хъумэнымкIэ ведомствохэм эзэдай комиссэм ХЭТХЭР

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр *(Ведомствохэм эзэдай комиссэм и унафэщIр)*

Голочалов Н. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(Ведомствохэм эзэдай комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщI)*

Мэремкъул А. М. - ЛэжьыгъэмкIэ къэрал инспекцэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэр *(Ведомствохэм эзэдай комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщI)* (эзгурыIуауэ)

Абазэ Б. З. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Ахъмэт Л. П. - Къэрал Iуэхущапlэм - Урысей Федерацэм Социальэ страховани эмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и отделым и унафэщIр *(эзгурыIуауэ)*

Болагы Б. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэр

Биттиев Хь. Р. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Головатенко А. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профсоюзэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэр, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и автомобиль транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Дзуденко В. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкIэ и министрым и къуэдзэр

Жамборэ Н. Б. - Экологие, технологоие, атом кIэлъыплъыныгъэмкIэ федеральнэ къулыкъущапlэм и щIыналъэ зэхуакъ технологие управленэм и унафэщIым и къуэдзэр *(эзгурыIуауэ)* (эзгурыIуауэ)

Кучменов Т. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Муртазов Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Уэртэн А. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэр

Пагуэ Ж. А. - Щхуакlуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхуэхм псэукIэ тэмэм кхахуэгъэпэщынымрэ я Iнатlэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущапlэм и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Панасовэ В. Ю. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIыр *(жуап зыхь секретарщ)*

Ремхен Е. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Улаков Ю. Щ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Хьэжыкъар М. Хь. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхуэхмкlэ, кьыгъэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, кьохъуэ гъэзэгъуэхэм я лъэужькъуэ гъэзэкIуэжьныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхьыщхьэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр - кIэлъыплъыныгъэ лэжьыгъэмкIэ управленэм и унафэщIыр *(мафIэс кIэлъыплъыныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэр)* (эзгурыIуауэ)

Харченко Ю. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Гъэзу хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэным хиубыдэ и къэрал Iуэхущапlэхэм эзэфIагьэкI (ягъэзащIэ) къэрал Iуэхутхьэбзэхэр (лэжьыгъэхэм) я базовэ (Iнатlэ) спискэмрэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэм я фIагьыр къыдэрагъэльагъуэ Iуэхугъуэхэмрэ къэщтэмкIэ теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 6-м №146-ПП

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал Iуэхущапlэхэм яхуэгъэзащIэ къэрал къалэнхэр гъэзэщIэным финансхэмкIэ къыдэрыдэрагъэпэщымрэ я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м къыдигъэкIа Унафэ №290-ПП-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэным хиубыдэ и къэрал Iуэхущапlэхэм эзфIагьэкI (ягъэзащIэ) къэрал Iуэхутхьэбзэхэр (лэжьыгъэхэм) я базовэ (Iнатlэ) спискэмрэ къэрал Iуэхутхьэбзэхэм я фIагьэр къыдэрагъэльагъуэ Iуэхугъуэхэмрэ къэщтэмкIэ.

2. Мы Унафэм къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэр щыгъэтэмэныпмрэ тэмакъкIыхьагьыр щыгъбыдэныпмрэ» 2011 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэ хэхам зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэм мы унафэм и гуэдзным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 6-м №150-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэр щыгъэтэмэныпмрэ тэмакъкIыхьагьыр щыгъбыдэныпмрэ» 2011 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэ хэхам халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэм мы унафэм и гуэдзным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхухэм хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ ведомствохэм эзэдайуэ щыIэ республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м №75-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхухэм хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ ведомствохэм эзэдайуэ щыIэ республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэр къэщтэм мы унафэм и гуэдзным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлытэн «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхухэм хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ ведомствохэм эзэдайуэ щыIэ республикэ зэзыгъэуIу советым хэтхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэм и 31-м къыдигъэкIа Унафэ №101-ПП-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №75-ПП-мкIэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и деж щIыхухэм хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныкIэ ведомствохэм эзэдайуэ щыIэ республикэ зэзыгъэуIу советым ХЭТХЭР

Ерчэн Т. Хьу. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl-м и къуэдзэр *(советым и унафэщIр)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхукlэ и къэрал комитетым и унафэщIыр *(советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министрыр

Iэщым Ю. И. - «Урысейм и ДОСААФ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и православнэ члисэхэм я тхьэмадэр *(эзгурыIуауэ)*

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэр *(эзгурыIуауэ)*

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Муслымэнхэм я дин Iуэхущапlэм и унафэщIр *(эзгурыIуауэ)*

Къуэдей Р. Хь. - Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэш академие» профессиональэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапlэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректорыр *(эзгурыIуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм цIыхубэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Къумыкъу А. М. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапlэм и профсоюз комитетым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Фыэрэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрым

Хьэжьрокъуэ С. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министрыр

Харламов Е. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и дзэ комиссарыр (эзгурыIуауэ)

Хьэщхьуэжь Т. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм я Iуэхуэхмкlэ и комитетым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэхэм я Iуэхуэхмкlэ и комитетым хэтыр, «ЩIалэгъуалэм я урысейпсо союз» урысейпсо щIалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Шагин С. И. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и Iуэхуэхмкlэ, кьыгъэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, кьохъуэ гъэзэгъуэхэм я лъэужькъуэ гъэкIуэдыжьныкIэ и министерствэм и Управленэ нэхьыщхьэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Шибзыхьуэ З. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхуэхмкlэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщIыр *(жуап зыхь секретарщ)*

Шыхъурбахьуэ М. Хь. - Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэуэзэда кварухэм, хабзэхьуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балькъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэр *(эзгурыIуауэ)*

Щхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр

Эфендиев Ф. С. - «Гъэзэджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапlэм щIэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректорыр *(эзгурыIуауэ)*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и коллегием теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м №87-ПП

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м къыдигъэкIа Унафэ №369-ПП-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и коллегием хэтхэр къэщтэм мы унафэм и гуэдзным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлытэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэу мы къыкIэлыкIуэхэм:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и коллегием и Iуэхукlэ» №52-ПП-м щIэту 2008 гъэм гъатхэпэм и 26-м къащтам;

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и коллегием зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» №269-ПП-м щIэту 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къащтам.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №87-ПП-мкIэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и коллегием ХЭТХЭР

Мамий А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрыр *(коллегием и унафэщIщ)*

Афашокоэ К. М. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущапlэм и щIыналъэ органу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Бэлагъы Б. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэр

Василенко А. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эзгурыIуауэ)*

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсэныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Жыгун А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм ухуэныгъэм и къэрал кIэлъыплъыныгъэмкIэ и департаментым и унафэщIыр

Журавлев А.И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэр

КхъуIуфэ И. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Кладько И. Е. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэм и кхалнэхэр зыгъэзащIэр *(эзгурыIуауэ)*

Кучменов Т. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Кхъущхьэ Р. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ ухуэныгъэм ирахьэлIэ матералхэр къыщIэзыгъэкI и промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Мэзло Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и «Закавказэр зытым и дирекцэ зэгуэт» къэрал кIэзонэ Iуэхущапlэм и унафэщIыр

Медведев Г. Г. - «Югстрой» ООО-м и генеральнэ директорыр *(эзгурыIуауэ)*

Настаев А. М. - «АССО» ООО-м и генеральнэ директорыр *(эзгурыIуауэ)*

Отаровэ Р. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщгъуэр *(эзгурыIуауэ)*

Сэхъу Р. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэр

Тау Б. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Темиржанов М. О. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эзгурыIуауэ)*

Тлымыжь Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм инвестицэ политикэмкIэ и департаментым и унафэщIыр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ ведомствохэм эзэдай и комиссэм хэтхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм накъыгъэм и 25-м №141-ПП

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ ведомствохэм эзэдай и комиссэм хэтхэр къэщтэм мы унафэм и гуэдзным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлытэн «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ ведомствохэм эзэдай и комиссэм хэтхэм я Iуэхукlэ» 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьищта Унафэ №266-ПП-м.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №141-ПП-мкIэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ ведомствохэм эзэдай и комиссэм ХЭТХЭР

Гертер И. К. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(Ведомствохэм эзэдай комиссэм и унафэщIщ)*

Жылэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп къуэдзэр *(Ведомствохэм эзэдай комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщI)*

Васильев С. В. - къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэр *(Ведомствохэм эзэдай комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщI)* (эзгурыIуауэ)

АфIэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министрыр

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэр *(эзгурыIуауэ)*

Гелястанов А. А. - Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм жылагъуэ хабзэр къыхэгъэнэщыныкIэ и управленэм и инспектор нэхъыжьыр *(Ведомствохэм эзэдай комиссэм и секретарщ)* (эзгурыIуауэ)

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Муслымэнхэм я дин Iуэхущапlэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Жекеев А. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокурорым и яп къуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

ЗэкIурей З. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и прокуратурэм и къудамэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Зумакулов Б. М. - Щыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэр *(эзгурыIуауэ)*

КIэщIалий А. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къэлэнхэр зыгъэзащIэр

Кменный С. Л. - Урысей Федерацэм ШынагъуэнщагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущапlэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Кульбаев Р. М. - Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъущапlэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Цыхубэ хьыбарегъащIэ Iнатlэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Iуэгъуэ С. А. - Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэхуэхмкlэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Сумаев А. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Федоров В. В. - Тезырхэр егъэшынымкIэ федеральнэ къулыкъущапlэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Хьэгъэз З. А. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эзгурыIуауэ)*

Хьыжьрокъуэ С. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министрыр

Тхьэгъэлэдж Т. Л. - «Афганистаным щекIуэкIа зауэм, щIыпIэ щхьэхуэхэм щыIа зауэхэмрэ дзэ зэпэщIэувэныгъэхэмрэ хэта ветеранхэм я союз» Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьмадэр *(эзгурыIуауэ)*

Устэ В. Хь. -Урысей Федерацэм Следствэмкlэ и комитетым Следствэмкlэ и управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Щхьэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр.

«ПсэупIэхэр ухуэным зегъэубгъуным зыщIэгъэкъуэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къащта Федеральнэ Закон №161-ФЗ-р Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэзэщIэным ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэкъуаугъуэм и 6-м №151-ПП

«ПсэупIэхэр ухуэным зегъэубгъуным зыщIэгъэкъуэным и Iуэхукlэ» 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къащта Федеральнэ Закон №161-ФЗ-р Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыгъэзэщIэн мурадкIэ:

1. Къэщтэн мы Унафэм щыгъуэху:

«ПсэупIэхэр ухуэным зегъэубгъуным зыщIэгъэкъуэным и Iуэхукlэм» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, цIыхухэр псэупIэкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ къызэIуах псэупIэ ухуакIуэ кооперативхэм хагъахьэ хьуну цIыху гупхэм я спискэхэмрэ апхуэдэ кооперативхэм хагъэхьэн папщIэ апхуэдэ спискэхэм цIыхухэр хатхэныкIэ щхьэусыгъуэхэмрэ;

«ПсэупIэхэр ухуэным зегъэубгъуным зыщIэгъэкъуэным и Iуэхукlэм» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, цIыхухэр псэупIэкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ къызэIуах псэупIэ ухуакIуэ кооперативхэм хагъахьэ хьуну цIыху гупхэм я спискэхэр зэрызэхалъхьэ Хабзэхэр.

2. «ПсэупIэхэр ухуэным зегъэубгъуным зыщIэгъэкъуэным и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 11-нэ статьям и 6.6-нэ Iыхьэм къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал Iуэхущапlэхэм я лэжьакIуэхэр хэту къызэIуах псэупIэ ухуакIуэ кооперативхэр къызэрызэрагъэпэщ документхэр къызытрадзэну официальнэ щIыхуб хьыбарегъащIэ Iуэхущапlэу хэхын «Официальная Кабардино-Балкария» газетыр.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Сыжажэ Къыльшыкъуэ и щхьэгъуэсэ КIуакIуэ и гъусэу.
Зенкъуэ къуажэ, 1939 гъэ

ЩІалэгъуалэм я Іутыжт

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Япэ махуэм и пщы-хьэщхьэм Мэкъумэщ академием щекІуэкІащ СНГ-м и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм папщІэ къызэрагъэпэща пресс-конференц. Журналистхэм яІущІащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Гертер Иван, «СНГ-м и студентхэм я гъатхэр -Кавказым» фестивалым и кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэ Рожнов Олег, «Урысейм и щІалэгъуалэ зэкъуэт» зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Красноруцкий Павел, Азербайджан Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Бабаев Интигам, КъБР-м щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министр Хъыжьрокъуэ СулътІан сымэ. Абыхэм фестивалыр щІызэхаша щхьэусыгъуэм, зэрекІуэкІыну щІыкІэм теухуауэ кьата упщІэхэм жэуап иратащ. ИтІанэ хьэщІэхэри бысымхэри зэгъэуэу кІуащ Налшык кьалэ и Театр щхьэнтІэм.

Концертым щІидзащ. Ар къызэІуахащ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ кьэзыгъэлъагъуэж теплъэгъуэхэмкІэ.

Фестивалым кьекІуэдІахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Гертер Иван, «СНГ-м и студентхэм я гъатхэр - Кавказым» фестивалым и кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэ Рожновым Олег, «Урысейм и щІалэгъуалэ зэкъуэт» зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Красноруцкий Павел, Азербайджан Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Бабаев Интигам.

Гертер Иван ди республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен СНГ-м хиубыдэ къэралхэм кьикІа хьэщІэхэм зэрызахуигъаазэ хъуэхъум кьеджащ. Абы итт: «Илъэс зыбжанэ хьауэ «Студент гъатхэр» ди деж щокІуэкІ.

Иджы мы гъэм «СНГ-м и студентхэм я гъатхэри» ди дежь къэсащ. Сыщогугъ-фІыкІ ди щІалэгъуалэр XXI лъэщІыгъуэм кьигъуэ Іуэхуэхэм зэрапэлъащым, щІэныгъэ зэраІэм, зэрыгубзыгъэм. Сынывохъуэхъу гъащІэм фыкъыкІэрымыхуу, кьару фыщымыщІэу, ІуэхугъуэщІэхэм фытегушхэу мы дунейм фытетыну».

Бабаев Интигам ди республикэм и унафэщІ-хэм фІыщІэ къахуищІащ мыпхуэдэ зэхъыхьэ щхьэпэр етъэкІуэкІыныр кьалэм зэрызыщащІыжам щхьэкІэ. Абы и псалъэм пэджэжьырт фестивалым и кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэ Рожнов Олег жиІари:

- Иужьрей зэманым хэпщІыкІыу щІалэгъуалэ куэд Кавказ Ищхъэрэм къакІуэ хъуащ. Псом хуэмыдэу ахэр щыкуэдщ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Ар и нэпэнэщ зэхъуэкІынигъэфІхэр фи республикэм къызэрыщыхъум, - захуигъэзащ абы бысымхэм. - Нобэ уэщхыщхуэ къешхри лэгъуэныкъуи кьыкъуэкІыжащ. Сыныбвохъуэхъу абы ещхьу фыдахэу, фигучхэр зэІухауэ фестивалым фыхэтыну!

Пшыхьым бысымхэмрэ хьэщІэхэмрэ концерт гукъинэж щагъэльэгъуащ.

КЪУМАХУЭ Аслъан.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къулыкъущ Іэхэм хьэщІэхэм фІэхъус гуапэ ирах.

Фестивалыр Налшык щокІуэкІ.

ЩІыхь зыпылъ гъуэгуанэ

● ТхьытъыщІэ

Ди газетым зэрытетащи, иджыблагъэ дунеим кьытехьащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ кьызэрызэрагъэпэщам теухуа тхыпІъ хьэлэмэт. «Радио и телевидение КБР: история и социология» тхылъыр зи Іэдакъэщ-экІ БжэныкІэ Мухьэб и гъащІэ псор а Іэнатіэм пылщауэ ирехьащ. 1966 гъэм Москва и къэрал университетым журналистикэмкІэ и факультетыр кьнуха нэужь, КъБАССР-м Телевиденэмрэ радиовещанэмкІэ и къэрал комитетым редактору щылэжьащ. Радиом и кьекІуэкІам теухуауэ 1974 гъэм филологие щІэныгъэхэм я кандидат диссертацэр пхигъэжащ. Ар ящыщщ ди республикэм щыпсэу «КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист» щІэ лъапІэр зыхуагъэфэщахэм.

АБЫ ТЕЛЕВИЗИОННЭ фильмхэм я сценарийхэу, репортажхэу, радиомрэ телевиденэмрэ я гъэжьигъэр зэрызэфІэувам теухуа тхыгъэхэу и Іэдакъэм кьыщІэкІар бжьыгъэншэу кьэпІытэ хьэнущ. БжэныкІэ Мухьэб литературэми хуэхамэкъым. Абы поэмитІ, прозэ тхыгъэхэр тхыпІъ щхьэхуэу кьыдигъэІащ.

Мис араш «Радио и телевидение КБР: история и социология» лэжьыгъэшхуэ дыдэм хуэдэм зрищыбтыну щхьэусыгъуэ псори щІиІэр.

ЗэрыгурыІуэгъэщІи, БжэныкІэр фІы дыдэу щыгъуэзэщІ илъэс 85-рэ и пэкІэ адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ псэльэн щІэзыдза радиом, иужькІэ абы къуэувауэ щІыпІэ телевиденэм республикэм и цыхухэм я дежкІэ яІа мыхьэнэм. А зэманым цІыхухэм я нэхъыбэр щІэныгъэншэт, абы кьыхэкІыуи яІэрыхьэ хьыбархэм я нэхъыбэ дыдэм и кьыхэкІыпІэр радиорт. БжэныкІэм кьыхегъэщхьэхукІ: властым и лІыкІуэхэм зэхуэсхэм щыжаІэ зэпытт: «Дэ тщІы унафэхэр зыхуэдэр къэфащІыну фыдеІэмэ». Къыпхуэмылъытэн хуэдизу мыхьэнэ иІэт ди лъахэм кьихь ехьулІэныгъэхэм, щэнхабзэмрэ литературэмрэ зэрызэхуэныгъуэу хуауэ абы кьитхэм. Радиом псори едаІуэрт, ар фІыуэ яІагъурт, абы пщІэ хуащІырт.

БжэныкІэ Мухьэб и лэжьыгъэр кьэхутэныгъэ лъапІэу кьэплъытэ хъунущ. Абы и щІэхэр кьрелуэ радиомрэ телевиденэмрэ я япэ журналистхэм. Ахэр псэ хьэпэлкІэ я лэжьыгъэм зэрыпэрытар кьеГъэлъагъэ.

Республикэ радиорыгъуэ композиторхэу Алябьев А., Балакирев М., Танеев С. сымэ ди лъахэм зэрыщыІар цІыхухэм япэу кьезыгъэщІар, абыхэм я макъамэхэр кьэзыгъар.

Гъэунэхуныгъэ хьэпъхэхэм я эзманым, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм и сурэтыщІ нэхъ Іэзэ дыдэхэм ящыщ Шемякин-Къардэн Михаили. Хамэ щІыпІэ кьыщІэхъуами, а цІыху цІэрыІуэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и лъэхъэу ебжьык.

БжэныкІэ Мухьэб, зы гъи димыгъэхуу, кьегъэлъэгъуэж илъэс 85-м республикэ радиом кьикІуа гъуэгуанэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым зы Іэхуи щекІуэкІыртэкъым ар темыпсэлъыхьыжу. Абы къуажэ корреспондент куэд кьыхухтхэрт, кьыхуэкІуэрт. Уэрэджьыкіуэ цІэрыІуэ Къэжэр Индрис игъэзащІэ уэрэдхэр, Щоджэнцыкі Алий, КІыщокъуэ Алим сымэ я усэхэр радиоокІэ кьыщаткІэ, цІыхухэм я Іуэхур зрагъэІыльэкІырт.

Тхылъыр зи ІэдакъэщІэкІыр Іуэху куэдым я щхьэфэ йоІбэ. Абы къегъэлъагъуэ радиомрэ телевиденэмрэ я журналистхэри гугъуехь куэдым зэрыпхрыкІар. Абыхэм ящыщ зы кьыхэдгъэщынщ. 1992 гъэм фокІадэм и 24-м Налшык, Советхэм я Унэм и гупэм, пэкІэпущхьэ щыззэхуэсауэ щытащ. Абыхэм кьагъэувырт Къэбэрдей-Балъкъэрыр и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэм я кьалэнхэр зыщхьэщахьи хуейуэ. Абыхэм ящІэр зэрыхабзэншагъэр жыпІэну щыпагъуэт. ХьыбарыщІэхэмкІэ редакцэм и унафэщІхэу Хьэжыкъарэ Алик, Хьэлыш Иннэ, Зизаев Алим сымэ шинжакъым. АдыгэбзэкІэ редактор Хьэжыкъарэ Алик радиокІэ пэкІум кьыртыкІа репортажым хьэкъэкІ-нехьэкІ хэмыту кьыщигъэльэгъуащ и Іуэху епльыкІэр.

Тхылъым увыпІэшхуэ щебубыд радиомрэ телевиденэмрэ ирагъэкІуэкІа узэщыныгъэ лэжьыгъэмэ.

ПсалъэмІ и хьэтыркІэ, 70 гъэхэм республикэм хуабжьу щыцІэрыІуэу щытащ «Аркъэн» сатирэ радиожурналыр. Абы хуабжьу фІэлІыкІырт зи лэжьыгъэм мыкІуэмытэу пэрыт щыхуэр, псом хуэмыдэу унафэщІэр. Апхуэдэу, цІыхубзхэм я мызакъуэу, республикэм щыпсэу псори кьихьащІ РСФСР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ АфІэунэ Рае игъэхьэзыр «Іудинов» радиожурналым.

ІпкІэ зэрыжьытІащи, БжэныкІэ Мухьэб хуабжьу лэжьыгъэ щхьэпэ зэфІиГъэкІащ. Журналистым дриГъэпльэжащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ кьакІуа Гъуэгуанэм. Ауэ абы нэхъ куууэ щыгъуазэ зэ ухъун папщІэ, езы тхылъым уеджэн хуейщ.

ШаІ Мухьэмэд.

● Профсоюзхэр

ІэнатІэншэхэр зэкъуегъэувэ

Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмрэ я профсоюзым и рескомым иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм профсоюзым зэрыхьхьамкІэ дэфтэрхэр щІалэгъуалэ гупышхуэм щратыжащ.

АХЭР кьабгъэдэкІащ, «Гугъапі» фІэщыгъэм щІэту щІэуэ кьэунэхуа щІалэгъуалэ -жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Абы и унафэщІ Уэсэмэн Расул зэрыжиІамкІэ щыжьыщІэхэр псори зэрыІыгъыу КъБР-м и профсоюзхэм я рескомым щыхьхьам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къэбгъэльагъуэ хъунущ аэр псори пІалъэкІэ лэжьапІэншэу зэрыщытыр. Еджапіэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьэзыухахэр Іэнатіэ убзыхуэ иджыпстукІэ зэрамыІэм езыхэм я мызакъуэу, я адэ-анэхэри ирогузавэ.

Езы ныбжьыщІэхэм зэрыжаІамкІэ, щыху псори зэфІэкІышхуэ зиІэу щытын хуейуэ Іэмалынщэхъым.

Псом ящхьэр жылагъуэ гъащІэм зыхэбгъэзагъэу щыхуэм сэбэп уахуэхьуу, узыбгъэдэт Іэщагъэр ехьулІэныгъэкІэ кьепхьэлІэу упсэунырщи, абы «Гугъапі»м хэт дэтхэнэ зыри хуэхьэзырщ. Ахэр адэкІи хущІэхуныщ фІыуэ ялъагъуу зыхуеджа Іэщагъэм ехьэлІа лэжьапІэ Іэнатіэ кьызэрагъэутыным икІи абыкІэ псори зэкъуэту профсоюзым и рескомым зэрыкьыхьар сэбэныщхьэ кьэхуэхьуну мэгугъэ.

Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмрэ я рескомымрэ зи гугъу тщІы щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэмрэ я Іуэху епльыкІэхэмкІэ зэтохуэ: лъэныкъуитІри зыхуэщэхьу ди щІыхьэ гъащІэр егъэфІэкІуэныр, дэтхэнэ зы лэжьыгъэм творческэ кьежьапІэ етыныр. Профсоюз дэфтэрхэр зрата ныбжьыщІэхэм псалъэ ятащ КъБР-м и щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я ІэнатІэхэм я зыужьныгъэмрэ я лэжьыгъэ егъэфІэкІуэныр зэфІэкІыу яІэр ирахьэлІэну.

ЖАНХЬУЭТ Зуэд.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъу-

Лагерыр къызэІуах

Налшык дэт «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм къыщызэІуахащ лъэхъэнитІу зэхэтыну гъэмахуэ лагерь.

ЛЪЭПКЪ зэмылІэужьыгъуэхэм яку мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ дальэныж телэжьныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт мы Іэнатіэр кьызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я дин Іуэхущапіэмрэ (ДУМ) Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхуэмкіэ комитетымрэ я жэрдэмкІэ.

Лагерым зыщагъэпсэхуну икІи я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэнущ гъэнэгу щІыналъэхэм кьикІа ныбжьыщІэхэми ди республикэм щыщхэми.

Мы Іуэхум жыжьэру хэт КъБР-м и ДУМ-м и унафэщым и къуэдзэ Сыжажэ Алим кьызэрыджиІамкІэ, цІыху 50 лагерым яІэ лъэхъэнэм кьежьапІащ. Апхуэдизу дыдэ етІуанэми щыІэнущ. Ахэр илъэс 14-16 ныбжьхъэм итщ.

Ныбжьыщ Іэхэр зыхуеину псомкІи нэсу кьызэгъэпэщащ. Абыхэм драгьэкІуэкІынущ псэкупсэ, психологие дерсхэр. Апхуэдэу щІалэгъуалэр хэтынущ, кьызыхэкІа лъэпкъми зэрахъэ дими ямылІэужьу, мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ, гулъытэмрэ гущІэгъуэмрэ ятеухуауэ ирагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

КьызэгъэпэщакІуэхэм щэч кьытрахьэркъым «ЗэгурыІуэныгъэ» фІэщыгъэм щІэту лэжьэну лагерым ди республикэми Урысей Федерацэм и адрей щІыналъэхэм кьикІыу кьытхуэкІуэ хьэщІэхэми я зэныбжьэгъугъэмрэ зэхуэщытыкІэмрэ зэрыригъэфІэкІуэнум.

«Псынэм» ирегъэблагъэ

Іэскэн куейм щыщу сабий 1000-м нэблагъэм гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэр ди республикэм и санаторэхэм щагъэкІуэнущ.

РАЙОН администрацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и къудамэм хьыбар кьызэрыдигъащІамкІэ, унагъуэ бынунагъэщхуэхэмрэ зи Іуэху хуэмыщІакъэмрэ кьахэкІа сабийхэм псом хуэмыдэу гулъытэ щхьэхуэ хуащІынущ.

Іэскэн куейм езым и зыгъэпсэхупІи иІэжщ. «Псынэ» санаторэр зэрылэжьа илъэсхэм сабий куэдым зыщагъэпсэхуащ, я узынщагъэрэн щрагъэфІэкІуащ. Мы гъэмэхэм абы пхъэхэнущу гуэшащэ куейм щыщ щыкІуэхэр иригъэблагъэнущ. Арщыдан и Іэгъэблагъэхэм я зэпсэхупІэм кьежьапІэхэр ящыщІих жьы кьабзэкІэ бзуэнущ, кьэуат зыщІэлъ щхьынигъуэхэмкІэ я игъэшхэнущ, хадэхэкІэмрэ пхъэщхьэмыщхьэкэмрэ пэрыхьэту я гъуэтынущ.

Кьудамэм и Іэщагъэлъхэм щыгъуаза дыдэращамкІэ, «Псынэ» кьыдэкІуэну ныбжьыщІэхэм зыщагъэпсэхунущ ди республикэм и адрей сабий санаторэхэм, Налшык и Долинск хьэблэм гъэ кьэс кьыщыдэуах гъэмахуэ лагерхэм.

Мы зэманым абыхэм зэгурыІуэныгъэхэр иращІыпІэ, зи узынщагъэр егъэфІэкІуапхъэ щыкІуэр ягъэбелджылы.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Текіуэныгъэм и щІыхькІэ яхуоупсэ

Текіуэныгъэ Иныр илъэс 67-рэ зэрырикъур зэрагъэлъапІэм къыхэкІыу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм мэкъуауэгъуэм хуагуашыну пенсэм и гъусэу яхуэупсэнущ.

Сом 5000 иратынущ:

- Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъуахэм;
- Хэку зауэшхуэм хэтахэм;
- уэгур хъумэным егъэщІылІа щІылІэхэм щылэжьахэм, хьэуар хьумэным егъэщІылІа объектхэм кьалэн щызыщІахэм, зыхьумэжьныгъэм егъэщІылІа, дзэ-тенджызэ баззэкэр, аэродромхэр яухуэу фронт щІыбым щылэжьахэм, флотхэм ядэІэпыкъуахэм, фронтым и гъунэгъу гъущІ Іуэгу, автомобиль гъуэгуэкр щІыным елэжьахэм, транспорт флотым и кьэухьэхэм исахэу Хэку зауэшхуэм и пэщІэдзэм нэгъуэщІ къэралхэм я кьэухь тедзапІэхэм яшахэм;
- «Блокадэ зращІэкІа Ленинград щыпсэуа» бгъэхэІу дамыгъэхэр зратахэм;
- балигъ мыхъуауэ концлагерхэм, геттэхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щызыгъэхэм;
- фин зауэм, Хэку зауэшхуэм, Японием иращІэкІа зауэм хэкІуэда зауэлІхэм я фызабэхэм, хэкІуэда цІыхубзхэм я щхьэгъусэхэм;
- Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъуахэху, абы хэтахэу дунейм ехьжахэм я фызабэхэмрэ, цІыхубзхэм я щхьэгъусэхэмрэ.

Сом 1000 иратынущ:

- 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м кьыщыщІэдзауэ 1945 гъэм накъыгъэм и 9-м нэсыху кьрифыбдау мази 6 нэхърэ мы нэхъ мащІэкІэ ІэнатІэ пэрытахэм. Мыбы кьыщалъытэркъым СССР-м и щІыналъэхэу биим пІалъэкІэ ивбыдахэм щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэр;
- Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм я кьару ємыблэжу зэрыпэжьам папщІэ СССР-м и орденхэмрэ медалхэмрэ зратахэм;
- нацист концлагерхэм, лъэхъуащхэм, геттэхэм щаІыгъа балигъхэм.

ПФР-м и щІыналъэ ІэнатІэхэм ящыщ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым пенсэкІэ кьызэригъэпэщхэрщ, апхуэдэуи ПФР-м и къудамэхэм пенситі зэуэ зыщратхэрщ. Мы Іуэхур зэфІагъэкІ «Дэ кьулыкъу ешхьэжкІахэр, къэралкІуащІ Іуэхуэмкіэ органхэм, мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ къэрал Іэнатіэм, хабзэншагъэкІэ наркотикхэмрэ акъылыр зыгъэутхуэу ивгъэтехэмрэ зегъэкІуэным япэщІэтыныкІэ ІэнатІэхэм, тезырхэр щрахьэкІ Іуэхущапіэхэм щыпэжьахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ пенсэкІэ кьызэгъэпэщыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Закон №4468-1-уэ 1993 гъэм мазаем и 12-м кьыдэкІам ипкъ иткІэ.

А Іуэхугъуэхэр зэфІагъэкІ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм кьыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 67-рэ зэрырикъум кьыхэкІыу Урысей Федерацэм и щІыху яныкъуэхэм зэ етыгъуэу ахъшэ зэрыхуаутІыпщыну хабзэхэр щъыгъэнэм и Іуэхукіэ» 2012 гъэм накъыгъэм и 12-м кьыдэкІа Унафэ №471-м ипкъ иткІэ.

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Псынэм ирегъэблагъэ

Іэскэн куейм щыщу сабий 1000-м нэблагъэм гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэр ди республикэм и санаторэхэм щагъэкІуэнущ.

РАЙОН администрацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и къудамэм хьыбар кьызэрыдигъащІамкІэ, унагъуэ бынунагъэщхуэхэмрэ зи Іуэху хуэмыщІакъэмрэ кьахэкІа сабийхэм псом хуэмыдэу гулъытэ щхьэхуэ хуащІынущ.

Іэскэн куейм езым и зыгъэпсэхупІи иІэжщ. «Псынэ» санаторэр зэрылэжьа илъэсхэм сабий куэдым зыщагъэпсэхуащ, я узынщагъэрэн щрагъэфІэкІуащ. Мы гъэмэхэм абы пхъэхэнущу гуэшащэ куейм щыщ щыкІуэхэр иригъэблагъэнущ. Арщыдан и Іэгъэблагъэхэм я зэпсэхупІэм кьежьапІэхэр ящыщІих жьы кьабзэкІэ бзуэнущ, кьэуат зыщІэлъ щхьынигъуэхэмкІэ я игъэшхэнущ, хадэхэкІэмрэ пхъэщхьэмыщхьэкэмрэ пэрыхьэту я гъуэтынущ.

Кьудамэм и Іэщагъэлъхэм щыгъуаза дыдэращамкІэ, «Псынэ» кьыдэкІуэну ныбжьыщІэхэм зыщагъэпсэхунущ ди республикэм и адрей сабий санаторэхэм, Налшык и Долинск хьэблэм гъэ кьэс кьыщыдэуах гъэмахуэ лагерхэм.

Мы зэманым абыхэм зэгурыІуэныгъэхэр иращІыпІэ, зи узынщагъэр егъэфІэкІуапхъэ щыкІуэр ягъэбелджылы.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Сытхэр ди Іэмал?

● Европэм и чемпионат

Зи Іуэху къимыкІахэр я унэ мэкІуэж

Польшэмрэ Украинэмрэ щекІуэкІ футболымкІэ Европэм и XIV чемпионатым гуп зэІушІэхэр еух. Абыхэм ящ увыпІитІыр къыщызыхьахэр адэкІи медалхэм щІэбэнынущ. Адрейхэр я унэ кІуэжынущ.

ПСОМ ящэу Іуэхур щыІэзэхэІщ *«А» гупым*. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зэхьэзэхуэм пасэу лей кІыщыхъуахэм ящыщщ **Урысей Федерацэм** и командэ кІыхэхар. Ещанэ джэгуГуэм абы **Алыджыр** зытримыгъэкІуэн хуейуэ арат. Арщхьэкіэ...

Урысей Федерацэм и командэ кІыхэхами абы дэщІхэми шэч лъэпкь кІытрахьэртэкІым джэгугъуІитІым зы очко закъуэ фІэкІа кІыщыізмыхьыфа алыджхэм эзрыпэлъэщынум. Абы теухуауи ди щІалэхэм джэгун ирагъэжьащ - гува-щІэхами текІуэныгъэр зэрапІэщІэмыкІынур я фІэщ зэрыхъур я набжь щІэлът. АдэкІэ кІэнкІуэт зимыІэ алыджхэмэ я гугъэр хахыжатэкъым. Иджыри къэс я Іуэхур мыхьуами, мы зэм Урысейр хагъэщІэжмэ, финалым и Іыхьэ планэм зэрыкІуэнур абыхэм ящІэрт.

Джэгур ди щІалэхэм яебгъэрыкІуэныгъэхэмкІэ къыщІадзащ, Арщхьэкіэ пльагъурт абыхэм я нэхьыбэм нэхъ зэІушІэхуэхэм зэрызыхуагъэтІыгъэр, мыр дэнэ кІуэжьи жыхуаІэу. Сыт щыгъуи еІлалІэу, я кІвару псори ирахьэлІэу зыкъомкІэ зыгъэльагъуэр мы зэхьэзэхуэм зи вагъуэр къыщылыда Дзагоев Аланрэ зы топ нэхъ мыхъуми Польшэм щыдэзыгъэкІыну гъэрекІуэм хуэщІэкъу Кержаков Александрэт.

Текіуэныгъэр къыззрахьынур хьэкъыу зэрапхыкІам Урысейм и зэранышхуэ кьекІащ - алыджхэм яebгъэрыкІуэныгъэ мащІэхэм ящыщ зым топ къыщыхудагъэкІащ. Ар къыщыхъуар джэгум и япэ Іыхьэр щиух дыдэрт.

Иджыри тайм псо щыІэжт икІи зыкъом пхуэгъэзэкІуэжынут. Урысей Федерацэм зы топ закъуэ алыдджхэм яхудигъэкІмэ, езыр адэкІэ кІуэтэнурэ хьэрхуэрэгъур лъэныкъуэ еэзынут. Ди щІалэхэр абы хуущІэмыкъуауэ пхужы-Іэнукъым - къащхьэщхьа шынагъуэр трагъэкІуэтын папщІэ яльэкІ кьагъэнакъым. Іуэхур къыщынэжар я зэфІэкІэІыр зэрымащІэрщ. Кьэнэжа зэманым кьриуфыдэу Урысейм и футболистхэм зы Іэмал закъуэ яІаУэ аращ бжыгъэр зэхуэдэ ящІыжыну. Арщхьэкіэ Дзагоевыр щхьэкІэ зэуа топыр зы мащІэкІэ гъуэм щхьэщыкІащ. Абы щыгъуэми альыдджхэм бжыгъэр ягъэбэгъуэфынут. Топыр ди штангэм техуэри, къэльеижащ.

Арати, **1:0-у** Урысейм текІуэри, Алыджым и командэ кьыхэхар финалым и Іыхьэ планэм кІуащ. Апхуэдэу къэхъуну хуэзэ-гъэфэщаг мащІэ дыдэт.

Зэхьэзэхуэм пасэу кьыхэкІащ Европэм и чемпионатым и хэгъэрейкІэм ящыщ **Польшэри**. АдэкІэ кІуэн папщІэ ар **Чехием** текІуэн хуейт. Уи дежь ущыджэгуу ар гугъу дыдэкъым, арщхьэкІэ поляк-хэм я кІэн кьикІакьым. **1:0-у** хагъэрейхэр хагъэщІэри, чеххэр финалым и Іыхьэ планэм хьыкащ.

Япэ джэгуГуэм **1:4-уэ** дыдейхэр кьыщытекІуам, абыхэм, дауи, гугъэ щІагъуэ кьахуэнэжауэ кьыщІэкІынтэкъым. Арщхьэкіэ, я кьарур зэщІэІэнукъым - кьащхьэщхьа щынагъуэр трагъэкІуэтын папщІэ яльэкІ кьагъэнакъым. Іуэхур кьыщынэжар я зэфІэкІэІыр зэрымащІэрщ. Кьэнэжа зэманым кьриуфыдэу Урысейм и футболистхэм зы Іэмал закъуэ яІаУэ аращ бжыгъэр зэхуэдэ ящІыжыну. Арщхьэкіэ Дзагоевыр щхьэкІэ зэуа топыр зы мащІэкІэ гъуэм щхьэщыкІащ. Абы щыгъуэми альыдджхэм бжыгъэр ягъэбэгъуэфынут. Топыр ди штангэм техуэри, къэльеижащ.

Арати, **1:0-у** Урысейм текІуэри, Алыджым и командэ кьыхэхар финалым и Іыхьэ планэм кІуащ. Апхуэдэу къэхъуну хуэзэ-гъэфэщаг мащІэ дыдэт.

Зэхьэзэхуэм пасэу кьыхэкІащ Европэм и чемпионатым и хэгъэрейкІэм ящыщ **Польшэри**. АдэкІэ кІуэн папщІэ ар **Чехием** текІуэн хуейт. Уи дежь ущыджэгуу ар гугъу дыдэкъым, арщхьэкІэ поляк-хэм я кІэн кьикІакьым. **1:0-у** хагъэрейхэр хагъэщІэри, чеххэр финалым и Іыхьэ планэм хьыкащ.

Роналду (№7) португалхэм текІуэныгъэр кьахуехь.

Ямпэ джэгуГуэм **1:4-уэ** дыдейхэр кьыщытекІуам, абыхэм, дауи, гугъэ щІагъуэ кьахуэнэжауэ кьыщІэкІынтэкъым. Арщхьэкіэ, я кьарур зэщІэІэнукъым - кьащхьэщхьа щынагъуэр трагъэкІуэтын папщІэ яльэкІ кьагъэнакъым. Іуэхур кьыщынэжар я зэфІэкІэІыр зэрымащІэрщ. Кьэнэжа зэманым Урысей Федерацэр пэщІэдзэ ехьуЛІэныгъэм игъэбэлэрыгъащ икІи хуэзэфІэмыкІым щымыІэу куэдым кьащІэкъэхуащ. Іуэхур кьыщІэрыщІидзыжарп нэрылъагъуэ.

«В» гупм нэхъыфІитІыр щІэзэхэІащ. Зыми щэч кьытрихьэжьыртэкьым **Германиер** абы пашІэ щэрыщьыхьунум. ЗэхэмыкІар етІуанэ увыпІэр зыІэрыхьынурат. Абы пэгъунэгъут **Португалиер** и командэ кьыхэхар. Мы зэхьэзэхуэм хэтхэм ящыщу нэхъ льапІэ дыдэ Роналду Криштиану зи пашэ гупым **Нидерландэр** зэ-ран кьахуэхьуфынут, топитІкІэ е нэхъыбэкІэ зэщхьэщыкІыну кьыхагъащІэмэ. Арщхьэкіэ, апхуэдэу кьэхъуакъым. Роналду дигъэкІа топитІым я фІыгъэкІэ португалхэр **2:1-уэ** текІуащ.

Нэмыцэхэр зыхуеищэ щымыІэжми, ерыщагъ яхэІу джэгуащ. Абы кьрикІуащ ещанэ зэІушІэми текІуэныгъэ кьыізэрещахьар. Иджы **Даниер 2:1-уэ** хагъэщІащ.

Зи гугъу тщІа гупитІым зэхьэзэхуэр зэрыщиухам Іэмал кьитащ финалым и Іыхьэ планэм щызэдэджэгунхэм я нькьуэр ягъэбелджылыну. Аращ, **мэкьуауэгъуэм и 21-м** Варшавэ щызэпсІэувэнущ **Чехиемрэ Португалиемрэ** я командэ кьыхэхахэр. **КьыкІэльыкІуэ махуэм** Гдańськ щызэпсІэ я кьарур щызэхагъэкІынущ **Германиемрэ Альыджымрэ**. Текіуэхэр финалым и Іыхьэ нькьуэм кІуэнущ икІи зэхьэзэхуэм и жэз медалхэр нэхъ мыхьуми я Іэрылъхьэ хьунущ.

Финалым и Іыхьэ планэм щыджэгуну адрей командиплІыр мы махуэ-хэм Украинэм щызэхэкІ. *«С», «Д» гупхэм* зэтхэм кІэух зэІушІэхэр кьаполлъэ.

Украинэм и командэ кьыхэхар **Франджым 2:0-у** кьызэрыригъэкІуэ-там зэхэзэрейхэм я Іуэхур хэпльэгъуэ ящІащ. Иджы абыхэм Инджылызыр хагъэщІэн хуейщ, адэкІи зэпеуэм хэтын папщІэ. Ар зэрымыІуэху тыншыр гъэІуэгъуэ, кьыкІэльыкІуэтым я хьэрхуэрэгъуэр щыхагъэщІащ икІи яп зэ увыпІэр яІыгъуу зыхэт гупым кьыхэкІащ. Абы щыгъуэми Урысей Федерацэр пэщІэдзэ ехьуЛІэныгъэм игъэбэлэрыгъащ икІи хуэзэфІэмыкІым щымыІэу куэдым кьащІэкъэхуащ. Іуэхур кьыізэрыщІидзыжарп нэрылъагъуэ.

«В» гупм нэхъыфІитІыр щІэзэхэІащ. Зыми щэч кьытрихьэжьыртэкьым **Германиер** абы пашІэ щэрыщьыхьунум. ЗэхэмыкІар етІуанэ увыпІэр зыІэрыхьынурат. Абы пэгъунэгъут **Португалием** и командэ кьыхэхар. Мы зэхьэзэхуэм хэтхэм ящыщу нэхъ льапІэ дыдэ Роналду Криштиану зи пашэ гупым **Нидерландэр** зэ-ран кьахуэхьуфынут, топитІкІэ е нэхъыбэкІэ зэщхьэщыкІыну кьыхагъащІэмэ. Арщхьэкіэ, апхуэдэу кьэхъуакъым. Роналду дигъэкІа топитІым я фІыгъэкІэ португалхэр **2:1-уэ** текІуащ.

Нэмыцэхэр зыхуеищэ щымыІэжми, ерыщагъ яхэІу джэгуащ. Абы кьрикІуащ ещанэ зэІушІэми текІуэныгъэ кьыізэрещахьар. Иджы **Даниер 2:1-уэ** хагъэщІащ.

Зи гугъу тщІа гупитІым зэхьэзэхуэр зэрыщиухам Іэмал кьитащ финалым и Іыхьэ планэм щызэдэджэгунхэм я нькьуэр ягъэбелджылыну. Аращ, **мэкьуауэгъуэм и 21-м** Варшавэ щызэпсІэувэнущ **Чехиемрэ Португалиемрэ** я командэ кьыхэхахэр. **КьыкІэльыкІуэ махуэм** Гдańськ щызэпсІэ я кьарур щызэхагъэкІынущ **Германиемрэ Альыджымрэ**. Текіуэхэр финалым и Іыхьэ нькьуэм кІуэнущ икІи зэхьэзэхуэм и жэз медалхэр нэхъ мыхьуми я Іэрылъхьэ хьунущ.

Финалым и Іыхьэ планэм щыджэгуну адрей командиплІыр мы махуэ-хэм Украинэм щызэхэкІ. *«С», «Д» гупхэм* зэтхэм кІэух зэІушІэхэр кьаполлъэ.

Украинэм и командэ кьыхэхар **Франджым 2:0-у** кьызэрыригъэкІуэ-там зэхэзэрейхэм я Іуэхур хэпльэгъуэ ящІащ. Иджы абыхэм Инджылызыр хагъэщІэн хуейщ, адэкІи зэпеуэм хэтын папщІэ. Ар зэрымыІуэху тыншыр гъэІуэгъуэ, кьыкІэльыкІуэтым я хьэрхуэрэгъуэр щыхагъэщІащ икІи яп зэ увыпІэр яІыгъуу зыхэт гупым кьыхэкІащ. Абы щыгъуэми Урысей Федерацэр пэщІэдзэ ехьуЛІэныгъэм игъэбэлэрыгъащ икІи хуэзэфІэмыкІым щымыІэу куэдым кьащІэкъэхуащ. Іуэхур кьыізэрыщІидзыжарп нэрылъагъуэ.

«В» гупм нэхъыфІитІыр щІэзэхэІащ. Зыми щэч кьытрихьэжьыртэкьым **Германиер** абы пашІэ щэрыщьыхьунум. ЗэхэмыкІар етІуанэ увыпІэр зыІэрыхьынурат. Абы пэгъунэгъут **Португалием